



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LÒY NOUYÒKÈ YO, MOUN KI GEN 75 ANE E PLIS KA KÒMANSE PRAN RANDEOU AK FOUNISÈ VAKSINASYON COVID-19 YO

Gwoup Inisyal yo nan faz 1b elijib kounye a pou vaksen COVID-19 gen ladan moun ki gen 75 ane e plis, premye sekouris yo, ofisyè koreksyon yo, pwofesè yo ak lòt anplwaye lekòl yo; enstriktè kolèj an pèsòn yo, travayè gadri yo, travayè magazen manje ki ap rankontre piblik la, travayè transpò piblik ak moun k ap viv ak travay nan refij pou sanzabri yo

Administrasyon vaksen yo ap kòmanse nan dè santèn novo sit semèn sa a nan kad Rezo Distribisyon Vaksen ki fèk elají nan New York la

Akòz Ddistribisyon federal limite pou apwovizyonman pou vksen an, yo ankouraje tout Nouyòkè pou yo rete pasyan lè y ap pran randevou yo

Randevou yo ka pran jiska 14 semèn akòz repatisyon federal ki limite

Klike [isit la](#) pou Detèmine elijibilite ak pran randevou ak founisè k ap administre yo

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Nouyòkè yo nan gwoup priorité 1b kapab kòmanse pran randevou kounye a ak founisè endividyle yo, ki gen ladan famasi, depatman sante lokal yo, ak lopital, pou resevwa vaksen COVID-19 la. Sila yo ki elijib kounye a pou resevwa vaksen an gen ladan moun ki gen 75 ane e plis, premye sekouris yo, ofisyè sekirite piblik yo, pwofesè yo ak lòt anplwaye lekòl yo; enstriktè kolèj an pèsòn yo, travayè gadri yo, travayè magazen manje ki ap rankontre piblik la, travayè transpò piblik ak moun k ap viv ak travay nan refij pou sanzabri yo. Detèminasyon elijibilite yo ak yon lis founisè ki tou pre kote yo ka pran randevou yo tout ka fèt nan novo [aplikasyon "Am I Eligible" \(Èske Mwen Elíjib?\)](#) New York la. Nouyòkè yo ka kòmanse rele Liy Dirèk Vaksinasyon Eta New York la a 4è pm nan lendi 11 janvye: 1-833-NYS-4VAX (1-833-697-4829).

Pliske apwovizyonman federal la limite abilite pou distribye vaksen an, nou ankouraje Nouyòkè pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou. Rezo distribisyon vas ak gwo popilasyon New York la ki gen plis pase 4 milyon moun ki elijib nan gwoup priorité sa a fè apwovizyonman vaksen ki soti nan gouvènman federal la, ki ap rive nan yon to apeprè 300,000 dòz pa semèn parèt

ensinifyan. Konsa, Nouyòkè ki elijib yo ta dwe prepare yo pou resevwa yon dat randevou jiska 14 semèn alavni.

"Apre dis mwa long, ekspansyon elijibilite pou Nouyòkè adisyonèl yo kòmanse fè plan vaksinasyon COVID-19 yo se yon espwa nan fen sitiyasyon difisil sa", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Vaksen an se zam ki pral mete fen nan lagè a, e pandan n ap kontinye bay travayè swen sante yo priyorite pliske kapasite lopital yo nesesite sa, New York fyè dèské li deja atenn etap enpòtan sa a epi nou ankouraje anpil moun ki fèk elijib yo pou pran randevou vaksen gratis pi vit jan sa posib."

Dapre elijibilite elají New York la, moun sa yo pral elijib kounye a pou pran randevou pou pran vaksen COVID-19 la:

- Moun ki gen 75 zan e plis
 - Premye Sekouris yo ak Pèsonèl Soutyen pou Ajans Premye sekouris yo Sèvis Ponpye
 - Sèvis Ponpye Eta, ki gen ladan ponpye yo ak envestigatè yo (pwofesyonèl ak volontè)
 - Sèvis Ponpye Lokal, ki gen ladan ponpye yo ak envestigatè yo (pwofesyonèl ak volontè)
 - Polis ak envestigatè yo
 - Lapolis Eta, ki gen ladan Patwouy yo
 - Lapolis Pak Eta (State Park Police), Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC), Gad Forestye yo
 - Lapolis SUNY
 - Biwo Cherif yo
 - Depatman Lapolis Konte yo ak Distri Lapolis yo
 - Depatman Lapolis Vil, Bouk, ak Vilaj yo
 - Transpò Kome lòt Depatman Lapolis Otorite Biblik yo
 - Enketè sou Tèren Eta a, ki gen ladan Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV), Komisyón Koreksyon Eta (State Commission of Correction) a, Sant pou Jistis (Justice Center), Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS), Enspektè Jeneral, Depatman Taks ak Finans (Department of Tax and Finance), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services), ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA).
 - Kominikasyon sou Sekirite Biblik
 - Kominikasyon Ijan ak Pèsonèl Pwen Repons Sekirite Biblik yo, ki gen ladan dispatchè ak teknisyen yo
 - Lòt Pèsonèl Asèmante ak Pèsonèl Sivil
 - Ofisyé Tribinal yo

Lòt Ofisyè Lapolis oswa Ofisyè Lapè
Pèsonèl Soutyen oswa Pèsonèl Sivil pou nenpòt nan sèvis, ajans, oswa
etablisman ki anwo yo

- Koreksyon

Depatman Koreksyon Eta ak Pèsonèl Sipèvizon Kominotè, ki gen ladan ofisyè koreksyon ak ofisyè libète kondisyonèl yo

Etablisman Koreksyonèl Lokal yo, ki gen ladan ofisyè koreksyon yo

Depatman pwobasyon Lokal yo, ki gen ladan ofisyè pwobasyon yo

Etablisman Detansyon jivenil Eta ak Etablisman Reyabilitasyon yo

Etablisman Detansyon jivenil Lokal ak Etablisman Reyabilitasyon yo

- Lekòl P-12 yo

P-12 lekòl la oswa pwofesè oswa pèsonèl distri lekòl la (ki gen ladan tout pwofesè yo, pwofesè ranplasan yo, pwofesè etidyan yo, administratè lekòl yo, pèsonèl parapwofesyonèl, ak pèsonèl soutyen yo ki gen ladan chofè otobis yo)
Kontraktè k ap travay nan yon lekòl oswa yon distri lekòl P-12 (ki gen ladan chofè otobis ki sou kontra yo)

Enstriktè kolèj an pèsòn yo

Anplwaye oswa Pèsonèl Soutyen nan Anviwònman Gadri ki Lisansye, Anrejistre, Apwouve oswa ki Legalman Egzante

Founisè Gadri ki Anrejistre, Apwouve oswa ki Legalman Egzante yo

Enstriktè kolèj an pèsòn yo

- Travayè magazen manje ki ap rankontre piblik la

- Transpò Piblik

Anplwaye avyon ak anplwaye ayewopò

Anplwaye ray tren pasaje yo

Anplwaye metwo ak anplwaye transpò piblik (sa vle di, MTA, LIRR, Metro North, NYC Transit, Upstate Transit)

Anplwaye Ferry

Anplwaye Otorite Pòtyè (Port Authority)

Anplwaye otobis piblik

- Moun k ap viv nan yon refis pou sanzabri kote yo dwe pataje cham pou dòmi, sal pou benyen oswa sal kote yo manje ak moun ak fanmi ki pa fè pati kay ou

Moun k ap travay (peye oswa ke yo pa peye) nan yon refij pou sanzabri kote chanm pou dòmi, sal pou benyen oswa sal kote yo manje ak moun ak fanmi ki pa fè pati menm kay la, nan yon pozisyon kote gen potansyèl pou gen entèrakson ak rezidan refij yo

Jiska pwen sa a, gen 2.1 milyon Nouyokè nan gwooup priyorité 1A ki deja kalifye pou resevwa vaksen an. Sa enkli travayè swen sante ak lòt travayè lopital enpòtan yo k ap

fè fas ak pasyan yo, granmoun k ap viv nan mezon retrèt ak etablisman sèvis rezidans yo, ak moun ki gen enfimite k ap viv nan etablisman kolektif yo. Sit distribisyon yo te etabli nan lopital yo, FQHC yo, ak klinik swen ijan yo dirèkteman pou bay aksè dirèk a tout moun ki elijib yo. Pou akselere to vaksinasyon pou travayè swen sante ki gen priyore yo, epi kòmanse vaksinasyon travayè esansyèl gwoup1B ak moun ki gen 75 an e plis yo, New York te etabli yon rezo sit distribisyon k ap konplete travay ki fèt nan lopital yo pou anpeche nenpòt lopital vin twò chaje.

Nouvo rezo sa ap itilize biwo doktè, Sant Sante ki Federalman Kalifye, depatman sante konte yo, sant anbilan ak famasi yo pou pran dòz nan bra Nouyokè ki kalifye yo. Plis pase 1,200 famasi te deja angaje pou patisipe nan rezo sa, avèk apeprè 500 ki pwograme pou vin anliy semèn sa a. Founisè atravè eta a ap kòmanse aksepte rezèvasyon pou vaksinasyon lendi 11 janvyé lè yon sit santralize eta a anliy ki bay lis founisè ki tou pre kote yo ka pran randevou yo. Yo pral bay famasi yo vaksen pou Nouyòkè ki gen 75 ane e plis yo, pandan ke lopital yo pral kontinye vaksinen travayè swen sante 1a yo, ak depatman sante lokal yo ak efò ke sendika yo òganize pral sèvi travayè esansyèl ki nan 1b yo.

Anplis de sa, Depatman Sante ap mete kanpe jiska 20 sit distribisyon an mas nan tout eta a pandan plizyè semèn kap vini yo pou sipòte tout kategori elijibilite. Ouvèti nan mèkredi:

- Jacob K. Javits Convention Center (NYC)
- Westchester County Convention Center (Konte Westchester - an patenarya avèk Depatman Sante Konte a ak Westchester Medical Center)
- Teren Fwa Eta (State Fairgrounds) (Konte Onondaga - an patenarya avèk Depatman Sante Konte a)

Yo pral lanse lòt sit nan jou kap vini yo.

Selon rezo vaksinasyon ki elaj a, lopital yo ap kontinye bay manm 1A ki pakò vaksinen yo priyore: travayè swen sante yo. Anplis, yo te mande gwo sendika yo, ki genyen ladan yo men ki pa limite ak polis, ponpye ak edikatè yo, pou òganize plan pou vaksinasyon manm yo nan limit ki posib, nnan enkòpore kowòdinasyon ak patenarya ak depatman sante lokal yo. Sa ap pèmèt lòt founisè nan rezo a konsantre sou Nouyokè ki gen plis pase 75 an yo, ki reprezante gwoup ki pi gwo nan 1B a, ak apeprè 1.4 milyon moun.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)